

Rezolisyon ki swiv lan te adopte pa Komisyon Konsèy Sante a nan 17 avril 2019 epi yo pral pibliye l dapre §17-148 Kòd Administratif Vil New York la.

**Rezolisyon Komisyon Konsèy Sante
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal
Vil New York la**

Nan yon reyinyon Komisyon Konsèy Sante Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la ki te fèt nan 17 avril 2019, yo te adopte rezolisyon ki swiv lan:

ETAN DONE KE, gen yon epidemi aktif lawoujòl nan mitan moun k ap viv nan katye Williamsburg nan Brooklyn, New York k ap viv nan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak 11249 (“kòd postal ki afekte yo”); epi

ETAN DONE KE, nan 9 avril 2019 Komisè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal detèmine ke yon aksyon sante piblik ijan te nesèsè pou pwoteje piblik la kont epidemi lawoujòl lan k ap pran plan nan katye Williamsburg la epi te deklare yon ijans sante piblik; epi

ETAN DONE KE, dapre otorite li anba Kòd Sante §3.01, Komisè a te bay lòd pou nenpòt moun ki abite, k ap travay oswa ki se yon rezidan nan kòd postal ki afekte yo ak nenpòt timoun ki gen plis pase sis (6) mwa k ap viv, ki se yon rezidan, oswa k ap travay nan nenpòt nan kòd postal ki afekte yo dwe vaksinen kont lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, Lòd la sijè yon moun a yon amann sivil, sof si moun sa a, oswa, pou yon timoun, paran oswa gadyen moun sa a, ka demontre ke moun sa a gen iminite kont maladi a oswa dokiman ki satisfè Depatman an ke moun sa ta dwe medikalman egzante de egzijans sa a; epi

ETAN DONE KE, dapre Kòd Sante §3.01, Lòd Komisè a pibliye anvigè sèlman jiskaske Komisyon Komisyon Konsèy Sante a reyini epi swa kontinye oswa anile egzèsis otorite Komisè a; epi

ETAN DONE KE, Komisyon Konsèy Sante a pran epi ranpli pami dosye li yo rapò ke depi septanm 2018 plis pase 300 ka lawoujòl te dokimante nan vil New York la avèk vas majorite a ki rive nan mitan moun ki abite nan kòd postal ki afekte yo e ke gen nouvo lawoujòl ki toujou ap prezante nan yon vitès ki alaman; epi

ETAN DONE KE, lawoujòl se yon maladi viral ki kontajye anpil ki ka lakòz konplikasyon sante grav tankou nemoni, ansefalit (anfleman sèvo a) ak lanmò. Apeprè yon tyè nan ka lawoujòl ke yo rapòte yo gen omwen yon konplikasyon. Lawoujòl ka grav nan tout gwoup laj yo. Sepandan, tibebe, timoun piti, moun ki ansent, moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb ak granmoun yo gen plis chans souffri konplikasyon lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, lawoujòl fasilman transmèt de yon moun ki malad a yon lòt moun ki manke iminite kont maladi a. Viris la ka viv pou jiska de (2) èdtan nan lè a oswa

sou sifas yo kote yon moun ki enfekte touse oswa etènnye epi moun ki manke iminite gen anpil chans vin malad si yo an kontak ak yon moun ki enfekte oswa tou pre kote yon moun ki enfekte te pase resaman; epi

ETAN DONE KE, byenke lawoujòl kontajye anpil, vaksen kont Lawoujòl-Malmouton-Ribeyòl (MMR) se yon vaksen ki pwouve ke li san danje epi ki efikas ki pral anpeche transmisyon li. Byenke ke lawoujòl rete youn nan kòz prensipal lanmò nan timoun piti nan pati nan mond lan kote vaksen an pa disponib, maladi a jiska epidemi sa a te elimine nan Etazini; epi

ETAN DONE KE, poutèt yon gwo pousantaj moun k ap viv nan kòd postal ki afekte nan Williamsburg yo pa t pran vaksen kont lawoujòl, epidemi lawoujòl la kontinye nan Williamsburg malgre lòt efò ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la pran pou sispann li, enkli lòd ki anpeche timoun ki pa vaksinen ale lekòl matènèl ak nan pwogram gadri yo; epi

ETAN DONE KE, Komisyon Konsèy Sante a konsidere rapò ki endike anwo yo sou plis pase 300 ka lawoujòl kòm ase prèv pou otorize deklarasyon ke yon epidemi lawoujòl ap pran plas nan Williamsburg ki menase sante ak sekirite moun New York yo e li imedyatman danjere pou lavi ak sante moun e li konstitye yon nwizans piblik; epi

ETAN DONE KE, epidemi an pran plas paske anpil moun ki abite nan kòd postal ki afekte yo pa te pran vaksen kont lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, sèl fason pou mete fen nan epidemi an se egzije pou moun k ap viv, k ap travay oswa ki ale nan lekòl nan nenpòt nan kòd postal ki afekte yo vaksinen kont oswa otreman gen iminite kont lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, sèvis pèsonèl oswa sèvis dapre soudivizyon (a) oswa (b) nan §17-148 Kòd Administratif Vil New York la nan lòd yo ki egzije rediksyon nan pwoblèm ak kondisyon sa yo ki an efè danjere pou lavi ak sante chak moun ki, dapre dispozisyon ki nan Tit 17 Kòd Administratif Vil New York la, gen yon devwa oswa responsablite pou diminye nwizans ak kondisyon sa yo, ki t ap abouti a yon reta ki ka domaje sante piblik, byennèt, ak sekirite; kounye a, se poutèt sa

REZOUD, ke Komisyon Konsèy Sante a deklare ke yon epidemi lawoujòl ap kontinye nan katye Williamsburg e epidemi an poze yon nwizans piblik paske li imedyatman danjere pou lavi ak sante; epi anplis de sa

REZOUD, Komisyon Konsèy Sante a deklare ke nenpòt moun ki abite oswa k ap travay nan kòd postal ki afekte yo dwe pran vaksen kont lawoujòl sof si moun sa a ka demontre iminite kont maladi a oswa dokiman ki satisfè Depatman an ke moun sa a ta dwe egzante medikalman de egzijans sa a; epi anplis de sa

REZOUD, ke paran oswa gadyen nenpòt timoun ki gen laj sis (6) mwa oswa plis ki abite oswa ki ale lekòl, nan lekòl matènèl oswa nan gadri nan kòd postal ki afekte yo epi ki pa te resevwa vaksen MMR la dwe lakòz timoun sa a pran vaksen kont lawoujòl sof si paran sa a oswa gadyen an kapab demontre ke timoun lan gen iminite kont maladi a oswa

li ka dokimante nan satisfaksyon Depatman an ke timoun sa a ta dwe egzante medikalman de egzijans sa a; epi anplis de sa

REZOUD, ke nenpòt moun ke deklarasyon sa a mande pou yo pran vaksen kont lawoujòl, oswa nenpòt paran oswa gadyen li egzije pou vaksinen pitit li, ap vyole lòd sa a epi li ka sijè a amann ki otorize pa lwa, règ ak règleman ki aplikab yo chak jou ke li, oswa timoun sa a kontinye abite, travay oswa ale lekòl, lekòl matènèl oswa gadri nan nenpòt nan kòd postal ki afekte yo san ke yo pa vaksinen kont lawoujòl jiska lè Komisè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal lan deklare ke epidemi sa a fini.

REZOUD anplis, ke rezolisyon sa a pral pran efè imedyatman epi piblikasyon yo dwe annakò avèk Kòd Administratif Vil New York §17-148.

(Jan sa adopte pa Komisyon Konsèy Sante a nan 17 avril, 2019)